


Creole

*Township of Union Public Schools  
(Lekòl Piblik nan Minisipalite Union)  
Modèl Prezidansyèl Distrik Lekòl la*

Township of Union Public Schools  
(Lekòl Piblik nan Minisipalite Union)  
Avi sou Aktivite Rechèch Timoun  
Konfòmman ak Lwa sou Edikasyon  
Moun ki gen Andikap ak Kòd Administratif New Jersey  
Tit 6A:14, Edikasyon Espesyal

Se responsabiltè Township of Union Public School District (Distrik Lekòl Piblik nan Minisipalite Union) pou li lokalize, idantifye, ak evalye tout elèv kap viv nan distrik la ki gen yon andikap e ki bezwen edikasyon espesyal ak lòt sèvis apwopriye. Se responsabiltè li tou pou li lokalize, idantifye ak evalye elèv ki gen andikap e ki nan lekòl ki pa lekòl piblik, ansanm avèk elèv ki toujou ap deplase tankou timoun ki gen paran ki se travayè migran (paran ki toujou ap deplase ale lòt kote pou yo travay) avèk tou timoun ki sanzabri, kèlkeswa severite andikap yo. Distrik lekòl la lokalize, idantifye ak evalye, lè sa apwopriye, timoun sa yo: timoun ki twò piti pou yo ale lekòl (sa ki gen ant 3 a 5 lane); timoun ki gen laj pou ale lekòl; timoun kap antre lekòl pou premye fwa; timoun ki enskri nan lekòl prive ak nan lekòl piblik; elèv ki transfere nan yon lòt lekòl ak timoun ki gen laj pou ale lekòl, ki elijib pou antre lekòl sepandan ki pa enskri lekòl e ki abite nan Township of Union School District (Distrik Lekòl nan Minisipalite Union) an. Apre ou fin fè yon demann alekri, distrik la pral fè yon rankont inisyal pou idantifye nenpòt timoun ki abite nan distrik la, yon fason pou li detèmine si li nesès pou li fè yon rekòmandasyon pou edikasyon espesyal ak lòt sèvis apwopriye pou timoun sa a. Pou w fè demann sa a, se pou w kontakte Kim Conti, Direktris Sèvis Espesyal, pou Township of Union Public Schools (Lekòl Piblik nan Minisipalite Union), nan nimewo 908-851-6478 oubyen voye yon lèt ba li nan adrès 2155 Morris Avenue Union, NJ 07083. Distrik lekòl la ofri edikasyon espesyal ak sèvis apwopriye pou timoun ki gen 3 zan a 21 an. Wap jwenn enfòmasyon pou timoun ki ka gen andikap oubyen pou sa ki gen andikap depl yo fèt jouk yo gen laj twazan, nan Project Child Find (Pwojè Rechèch Timoun), (ki se yon sèvis Depatman Edikasyon New Jersey etabli atravè fon Pàrt B, IDEA, ki soti nan Depatman Edikasyon Lèzetazini) lè w rele nan nimewo 1-800-322-8174.

  
Mr. Gregory A. Tatum, Sipè-Entandan Lekòl yo